

(Creole)  
EAST RAMAPO CENTRAL SCHOOL DISTRICT  
PARENT INVOLVEMENT ACTIVITIES

East Ramapo Central School District la rekonèt enpòtans ak valè wòl yon paran jwe nan edikasyon pitit li. Patisipasyon paran se yon engredyan kle nan siksè yon timoun nan lekòl epi sa bay ponyèt a pèfòmans elèv la. East Ramapo Central School District ofri yon varyete aktivite, evenman, ak kominikasyon avèk paran yo nan lòd provoke patisipasyon yo ka pi fò nan edikasyon.

Men kèk nan bagay yo ki ladan'l:

- Reyinyon Dine kote gen distribisyon enfòmasyon konsènan pwogram akademik ki bay paran yo Estrateji ki kapab ede timoun yo fè pi byen nan lekòl
- Atelye travay pou edike paran sou estrateji ak teknik yo ka anplwaye pou edike pitit yo.
- EPIC (Chak Moun Enfliyanse Timoun) yon pwogram ki ofri atelye divès ki edike paran yo sou edikasyon pitit li. Atelye a gen ladan sijè tankou chanjman konpòtman, entèvansyon akademik ak konbat presyon kanmarad.
- Paran yo jwenn atelye sou sèvis nan kominote pou aprann kijan pou navige sèvis sosyal la ak system edikatif.
- Sant Resous pou Fanmi yan se yon gwoup ki baze nan lekòl yo ki bay enfòmasyon sou sèvis nan lekòl la ak nan kominote a. Sant la fè aktivite konsyantizasyon epi rale paran yo vin nan lekòl la.
- Lekòl la gen evènman ki montre travay timoun yo.
- Lekòl la gen evènman ki ankouraje patisipasyon fanmi (atelye sou matematik lan nwit pou Fanmi, ak pwogram lekti nan fanmi, elatriye)
- Nwit Retounen lekòl (Back to school Night)-oryantasyon fanmi avèk lekòl pitit yo ak nouvo pwofesè.
- Paran yo Kòm Patnè Lekti (PARP) - Yon pwogram ki pote paran volontè li ak elèv yo.
- Pwogram Volontè Granmoun aje, Retrete (RSVP) - Granmoun Aje li ak elèv yo nan klas la.
- Adoptif Granparan- Granmoun Aje asiye kalifye yo pase tan regilyèman ak elèv yo, fè divès kalite travay akademik ak sosyal.
- Paran Pwofesè Association (PTA) - Chak bilding lekòl gen yon òganizasyon ki sèvi kòm yon lyezon ant lekòl ak paran yo. PTA a konpoze ak paran, pwofesè ak administratè yo. Kòm yon pati nan fonksyon yo, yo òganize yon seri de atelye pou paran ansanm ak aktivite nan kominote a.
- Vizyon-yon pwogram volontè lekti nan kominote a ki sèvi ak elèv ki bezwen atansyon patikilye yo. "yon granmoun-ak-yon timoun"
- Oryantasyon pou atikilasyon Reyinyon-ki fèt lè elèv la ap deplase soti nan yon bilding al nan yon lòt yon pou paran ak elèv vizit bilding lekòl la, pwofesè yo, Pou familiarize yo ak règleman, pwosedi ak ekspektasyon yo.
- Kominikasyon Ekri bay paran- Newsletter Bildin lekòl la chak semèn, Newsletters Distrik la, kalandriye Evènman, Policy manyèl Lekòl, Kominikasyon kontinyel Pwofesè-Paran, Ti liv enfòmasyon lekòl la ak literati yo se selman kèk nan fason ke distrik la eseye kenbe kominikasyon louvri avèk paran yo.
- Konferans Paran-Pwofesè yo ap fèt minimòm 2 fwa chak ane pou elèv lekòl primè ak segondè.
- East Ramapo Central School District an partenarya ak resous nan kominote a tankou Sant Martin Luther King la bay aprè lekòl ratrapaj ak pwogram rekreyasyon.